QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
XALÍQ BILIMLENDIRIW
MINISTRLIGI

QORAQALPOG'ISTON
RESPUBLIKASI XALQ TA'LIMI
VAZIRLIGI

Nókis q. A.Dosnazarov k. 62 úy, 0 (361) 222-24-37, 222-24-63, faks: 226-52-47
web-site: http://kkedu.uz, e-mail: qoraqalpogiston_xtv@xtv.uz

«22» декабрь 2021-жыл 01-03/1-5772-санлы

**Барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлим баслықлары ҳәм министрликке қараслы республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелери басшыларына**

Өзбекистан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 21-декабрь күнги 01-06/3-596-санлы хатына тийкарланып, төмендегилерди қатаң түрде қадағалаўға алыўыңызда тапсырады.

Ягный:

- Өрт қәўипсизлигин тәмийнлеў мақсетинде мектеп фойеси, мәжилислер ҳәм спорт заллары, класс ханаларын жасалма шырша ҳәм электр үскенелери менен безетиў, оқыўшылар тәрепинен ҳәр қыйлы пиротехникалық үскенелерди алып келиў ҳәм мектеп этирапында пайдаланыў;
- "Жаңа жыл" байрамы себепли мектеп этирапындағы табийғый шырша ағашларының шақаларын сындырыў яки оларды басқа жайға көшириў;
- оқыўшылар хәм педагог хызметкерлер тәрепинен жаңа жыл байрамына нызамсыз пул жыйымлары, мектептен тысқары аймақларда ресторан, кафе ҳәм басқада улыўма аўқатланыў шақабшаларында өткериў;
- оқыўшылар ҳәмде олардың ата-аналары тәрепинен жаңа жыл байрамына байланыслы мектеп ҳәкимшилиги ҳәм педагог хызметкерлерге ҳәр түрли саўғаларды бериў мақсетке муўапық емес екенлигин мәлим етемиз.

Өз нәўбетинде оқыўшылар тәрепинен интизарлық пенен күтилетуғын жаңа жыл кешелерин улыўма билим бериў мектеплери этирапында қәўипсиз, қызықлы ҳәм карантин қағыйдаларына толық әмел қылған халда

шөлкемлестириў, мектеп әтирапын байрам көринисинде безеўде төмендегилерге әмел етиў усыныс етиледи:

Мектеп хәкимшилиги тәрепинен “Азанғы сапланыў”лар даўамында, класс басшылары тәрепинен болса “Класс саатлары” ҳәм “Ата-аналар мәжилиси”нде байрам кешелеринде ҳәр түрли пиротехникалық қураллардан пайдаланыўдың алдын алыў мақсетинде оқыўшылар ҳәмде олардың ата-аналары менен түсиник жумысларын алып барыў;

Мектеп фойеси, коридорлар, мәжилислер залы ҳәмде класс ханаларын оқыўшылар қол мийнети менен жасалған ҳәр түрли затлар менен безетиў;

Басланғыш класс оқыўшыларына класс басшысы қатнасында карантин қағыйдаларана бойсынған халда, өз класс ханаларында, сабақларға кесент етпеген халда байрам кешелерин өткериў;

Жоқары класслар ортасында қол мийнети менен таярланатуғын буйымлар менен безеўлер (қағаздан жасалған қар бөлеклери ҳәм басқада жаңа жылға керекли болған затлар), “Ең шырайлы безетилген класс” ҳәм “Ең жақсы жаңа жыл кутлықлаўы” (класс атынан мектепке, оқытыўшыларға) көрик-таңлаўларын өткериў;

Мектептиң мәжилислер яки спорт залларында концерт бағдарламаларын ҳәмде ҳәр түрли таңлаўларды шөлкемлестириў;

Жоқары класс оқыўшылары тәрепинен дөретиўшилик-мәдений мәселелер бойынша үгит-нәсиятшы жәрдеминде жаңа жыл байрамы менен байланыслы ҳәр түрли ертеклерди саҳналастырыў;

Оқыўшылардың ата-аналары ортасында усы жылда жаңа жыл байрамын шаңарақ ағзалары менен бирге өткериў бойынша үгит-нәсият ислерин шөлкемлестириў.

Жоқарыдағылардан келип шығып, Сизден **2 күн** **мүддетте** бойсыныўыңыздағы барлық улыўма орта билим бериў мәкемелеринде түсиник жумысларын алып барыўыңыз соралады.

**Министр** **Р.Реимов**

Орын. О.Хабибуллаев
Тел. (61) 222-24-29